

SARI

Atmojo, Winarko Susilo. 2009. *Peningkatan Kemampuan Membaca Nyaring Teks Cerita Berbahasa Jawa melalui Pembelajaran Kooperatif Pada Siswa Kelas IV SD Negeri 03 Kayen Pati*. Skripsi. Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni. Unnes. Pembimbing I Drs. Widodo. Pembimbing II Dra. Sri Prastiti K.A.

Wose Tembung : peningkatan, membaca nyaring, pembelajaran kooperatif.

Ana ing pamulangan, guru kudu duweni teknik utawa cara sing apik miturut kurikulum sing wis ditetepake. Pasinaon ing kelas IV SD Negeri 03 Kayen Pati, luwih saka separo siswa-siswane kangelan anggone maca. Kuwi amarga pasinaon sing digunakake kurang efektif, guru kurang anggone ngetrepake pasinaon sing bisa gawe siswa seneng lan ora boseni. Biasane wacan sing dienggo ana ing sekolah-sekolah kuwi isine mung ukara-ukara sing dadekake bosan para siswa.

Perkara kang arep dirembug ing panaliten yaiku. (1) kepriye peningkatane siswa sakwise entuk pasinaon *membaca nyaring teks cerita berbahasa Jawa kanthi pembelajaran kooperatif?* (2) apa ewah-ewahan siswa sakwise melu pasinaon *membaca nyaring kanthi pembelajaran kooperatif?*. Ancas sing di karepake yaiku : (1) lumantar teknik membaca nyaring sistem *kooperatif* kanthi kaajab siswa bisa ningkatake anggone maca wacan basa Jawa (2) ngandarake owah-owahan siswa kelas IV SDN 03 Kayen Pati, sakwise guru ngunakake pembelajaran *maca nyaring kanthi pembelajaran kooperatif*.

Panaliten iki ditindakake nganggo cengkorongan *penelitian tindakan kelas (PTK)*. Anggone nindakake ping loro yaiku, siklus I lan siklus II. Subjeke panaliten iki yaiku undhake maca swara wacan basa Jawa siswa kelas IV SD Negeri Kayen kanthi *pembelajaran kooperatif*. *Variabel* ing panaliten iki yaiku *variabel input-output* lan *variabel proses*. Teknik nglumpukake dhata kanthi cara *observasi, wawancara, jurnal, lan dokumentasi*. Teknik analisis dhata nganggo analisis *deskripsi prosentase* lan *analisis deskriptif kualitatif*

Hasil panaliten iki nuduhake yen teknik maca swara pasinaon *kooperatif* wonten ewah-ewahan yaiku antarane. (1) siswa bisa anggone maca yaiku katitik saka siklus I 28,6% nganti siklus II 33,4% saka data kuwi gunggung ewah-ewahane ana 16,8 % (2) sakliyané kuwi uga ana sing beda saka tingkah laku siswa sakwise entuk pembelajaran *kooperatif* anggone maca swara wacan basa Jawa, antarane siswa *ngrespon positif pembelajaran* lan metodhe sing dienggo. Siswa ngrasakake seneng sakwise sinau nganggo teknik maca swara teks basa Jawa kanthi *pembelajaran kooperatif*. Buktime siswa sing maune *pasif* lan wedinan, dadi luwih *aktif* tinimbang sakdurunge.

Pamrayoga saka panaliten iki, yaiku (1) guru mata pelajaran bahasa Jawa bisaa luwih *inovatif* ana ing pasinaon supaya ora mboseni, (2) cara kang ditindakake panaliti bisa dadi tetimbangan guru basa Jawa rikala menèhi pasinaon maca swara teks basa Jawa kanthi pasinaon *kooperatif* ing klas-klas liya.